

Lekòl espesyalizasyon piblik ak SES

Kesyon yo poze pi souvan

Kisa Sèvis Edikatif Sipleman (SES) ye?

Tèm Sèvis Edikatif Sipleman vle di leson patikilyè gratis nan lekti, matematik ak/oswa syans. Ap gen èd anplis swa apre lekòl, avan lekòl oswa gen ajan prive ki bay leson patikilyè nan wikenn.

Poukisa nou gen SES?

Lwa Okenn Timoun Pa Dwe Rete Dèyè (No Child Left Behind Act - NCLB) di li obligatwa.

Èske yo kapab transfere pitit mwen an nan yon lòt lekòl espesyalizasyon NCLB ak SES?

Non. Se yon sèl opsyon sèlman ou kapab chwazi.

Ki moun ki kalifye pou SES?

Elèv yo apwouve pou resevwa manje gratis oswa ak pri redui epi ki nan yon lekòl Tit I yo idantifye kòm yon lekòl ki bezwen amelyorasyon (School In Need of Improvement - SINI) se yo ki kalifye.

Ki kote yo bay leson patikilyè a?

Se ajan an kab deside pou lokal la. Kèk ajan lwe klas nan lekòl la. Gen lòt ki rankontre nan biwo yo oswa nan yon sant kominotè. Gen lòt tou ki bay leson patikilyè adomisil oswa sou entènèt.

Ki jan pou m chwazi yon bon ajan SES?

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap voye yon anyè ba ou sou chak ajan ki gen enfòmasyon sou tout ajan Eta a apwouve. Paran yo dwe chwazi yon ajan pou pitit yo nan anyè a. Distri a ap ankouraje paran yo pou al nan ekspozisyon ajan yo nan kòmansman ane eskolè a pou yo kab rankontre ak ajan yo avan yo fè chwa.

Èske tout timoun ki aplike pou SES resevwa sèvis yo si paran yo chwazi opsyon sa a?

Gen yon montan lajan byen detèmine ki dispoze pou pwogram sa a. Si pa gen ase lajan pou sèvi tout elèv ki aplike yo, y ap bay elèv ki pa bay randman yo priyorite pou yo jwenn sèvis avan. Diran de (2) ane ki sot pase yo, yo mande rejyon Palm Beach pou bay priyorite nan sèvis li yo.

Ki orè aktivite sèvis SES yo?

Nan fen ete, yo poste yon pake enskripsyon SES ak yon anyè ki gen ajan pou paran elèv ki kalifye yo. Pandan premye semèn lekòl la, yo voye yon lòt pake enskripsyon ki gen elèv ki kalifye yo. Yo fè ekspozisyon ajan yo nan premye mwa lekòl konsa paran yo kab rankontre ak ajan yo avan yo fè chwa. Yo dwe retounen fòm enskripsyon yo nan dat ki endike sou fòm nan epi lesan patikilyè ap komanse 15 oktòb 2011.

Ki avantaj ki genyen nan SES?

Pwogram nan bay timoun ki gen pwoblèm pou aprann lekòl yon opòtinite pou jwenn plis èd akademik ak fòmasyon endividyèl. Etid yo montre pwogram akademik yo bay andeyò jwenn lekòl kapab ede elèv yo amelyore pwogrè ak fason y ap travay. Leson patikilyè a kapab ede timoun yo amelyore pwogrè paske l ap ogmante sou fòmasyon elèv la ap resevwa pandan jou lekòl la. Elèv ki gen risk pou echwe lekòl ap benefisye anpil nan pwogram lesan patikilyè yo. Gen nan elèv sa yo ki pa kab aprann byen nan klas tradisyonèl epi yo kapab aprann yon lòt fason nan lesan patikilyè. Nan ede yon sèl elèv amelyore, sèvis edikatif sipleman ap sipòte efò pwofesè ak direktè yo ap fè pou amelyore lekòl yo.

Mwen vle chwazi opsyon SES. Kisa pou m fè?

Pou endike entere nan SES, tanpri tcheke bwat SES la nan aplikasyon lekòl espesyalizasyon piblik la epi voye aplikasyon an tounen nan Depatman lekòl espesyalizasyon ak karyè. W ap jwenn enfòmasyon sou kiyès pou kontakte nan aplikasyon an. Avan ane lekòl la komanse, distri a ap voye enfòmasyon sou SES ak aplikasyon yo palapòs lakay fanmi ki kalifye.

Kijan m kapab jwenn plis enfòmasyon sou Lekòl espesyalizasyon piblik ak SES?

Si w genyen plis kesyon sou lekòl espesyalizasyon piblik yo, ou kapab kontakte lekòl pitit ou a. Anplis, ou kapa b kontakte Nicole Smith ki se reprezantan lekòl espesyalizasyon piblik nan distri a, nan 561-432-6336.

Chak lekòl Tit I k ap bay sèvis SES gen yon reprezantan SES. Rele lekòl la pou kab jwenn plis enfòmasyon sou SES epi mande pou reprezantan SES la. Paran yo kapab wè yon Gid paran sou SES nan

www.fldoe.org/flbpso/nclbchoice/ses/parentoutreach.asp.